



Dzidziso YavaNikoraiti

naRevherendi William Marrion Branham

Dzidziso yavaNikoraiti

Zvakazarurwa 2:15 inoti, “Nokudaro una vamwevo vanobatisisa saizvozvo dzidziso yavaNikoraiti, yandinovenga neNivo.”

Mucharangarira kuti ndakabudisa pachena muZera reEfeso kuti shoko rinoti, *Nicolaitane*, rinobva mumashoko maviri echiGiriki: *Nikao* rinoreva *kukunda*, uye *Lao* rinoreva *ruzhinji rwavanhu*. Saka Nicolaitane zvinoreva, “*kukunda ruzhinji rwavanhu*.” Zvino nemhaka yei ichi chiri chinhu chakaipisisa kudai? Chinhu chakaipisisa nokuti Mwari haana kumbofa akaisa kereke yaKe mumaoko outungamiriri hwakasarudzwa hunofamba nefungwa dzezvamatongerwe enyika. Akaisa kereke yaKe mumaoko avanhu vakasarudzwa naMwari, vakazadzwa noMweya, vanorarama Shoko vanotungamirira vanhu nenzira yokuvapakurira kudya kweShoko. Haana kumbopatsanura vanhu kuvaisa mumapoka akasiyana paukuru nekodzero kuitira kuti ruzhinji rugotungamirirwa nouprista utsvene. Ichokwadi kuti vatungamiriri vanofanira kuva vatsvene, asivo neboka rose rinofaniravo kuva ravanhu vatsvene. Kupamhidzira pane izvi, hapana muShoko panowanikwa vaprista kana vafundisi kana vamwevo vachiita vamiririri pakati paMwari navanhu, hapanavo kana panombotsaurwa vanhu mukushumira kwavo Ishe. Mwari anoda vanhu vose kuti vamude nokuMushandira pamwe chete. Chinikoraiti chinoputsa zvose izvi chichitsaura vafundisi kubva kuvanhu nokuita vatungamiriri vatongi vapamusoro pachinhambo chokuva varanda vanoshandira vanhu. Zvino dzidziso iyi yakanyatsotanga sechiito muzera rokutanga. Chinonetsa pano chinenge chinobva mumashoko maviri: ‘vakuru’ (vanhu vanotonga zvekereke) uye ‘vatariri’ (mabhishopi). Nyangwe zvazvo Gwaro richiratidza kuti mukereke yoga yoga muna vakuru vakawanda, vamwe (kusanganisa Ignatio) vakatanga kudzidzisa kuti fungwa yokuva nabhishopi yakanga iri yokuva pakakwirira kana kuva namasimba nokutonga vakuru vekereke. Zvino chokwadi chiripo panyaya iyi chiri mushoko rinoti ‘vakuru’ rinoratidza

kuti munhu wacho ndiani, asivo shoko rinoti ‘bhishopi’ richiratidza nzvimbo yomurume mumwe chete iyeye. Mukuru ndiye murume wacho. Bhishopi inzvimbo yomurume iyeye. ‘Mukuru’ ishoko ragara richireva uye richangogara richireva zera romunhu pakufamba kwenguva ari munaShe. Mukuru, kwete nokuda kwokuti akasarudzwa kana kuti akagadzwa, nezvimwe, asi nokuda kwokuti NDIYE MUKURU. Ndiye wonyanya kuziva, akadzidziswa, uye asiri mutsva, ari munhu akatendeka nokuda kwokugara pachinhu nguva refu nokuratidza nguva yakareba kuti ano upenyu hwakareba muchiKristu. Asi kwete, mabhishopi haana kuramba ari patsamba dzaPauro, asi kuti vakatoenda kutsananguro dzaPauro dzenguva yaakadana vakuru kubva Efeso kuenda Miretasi muna Mabasa avaapostora 20. Mundima 17 chinyorwa chinotaura kuti, “vakuru” vakadanwa uyezve mundima 28 vanonzi vatariri (mabhishopi). Zvino mabhishopi awa, (pasina kana kupokana nokuda kwefungwa dzezvamatongerwe enyika vachikarira masimba) vakasimbirira nerokuti Pauro wakapa dudziro yokuti ‘vatariri’ vaipfuura mukuru wenzvimbo iyoyo aiva nenzvimbo youkuru mukereke yake pachake chete. Kwavari mubhishopi waiva munhu ana masimba akawedzerwa pamusoro pavatungamiriri vazhinji venzvimbo. Fungwa yakadai iyi yakanga isingatsigirwi naMwagwaro kana nenhoroondo, asi tinoona kuti kana nomunhu akakurumbira saPolycarp airerekera kudivi rohurongwa uhwu. Saka, icho chakatanga sechiito muzera rokutanga chakazoitwa dzidziso chaiyo zvinova ndizvo zvazviri nanhasi uno. Mabhishopi achiri kungatora masimba okutonga vanhu nokuita kwavari zvavanenge vangoda, nokuvaisa pose pavanongoda kuvaisa mushumiro. Izvi kunenge kwava kutoramba utungamiriri hwoMweya Mutsvene Uyo wakati, “Nditsaurirei Pauro naBharnabhasi kubasa raNdinovanira” Izvi kuramba Shoko nokuramba Kristu. Mateo 20:25-28 inoti, “Asi Jesu wakavadanira kwaAri, akati, Munoziva kuti machinda avahedheni anovaraira, navakuru vavo vanoita simba navo. *Pakati penyu ngazvirege kuva kudaro*; asi ani nani unoda kuva mukuru pakati penyu, ngaave mushumiri wenyu; ani nani

unoda kuva wokutanga pakati penyū, ngaave muranda wenyū: Zvakaita soMwanakomana womunhu usina kuuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nokupa upenyu hwaKe ruve rudzikinuro rwavazhinji.” Mateo 23:8-9 inoti, “Asi imi musaidzwa Rabhi: nokuti Mudzidzisi wenyū ndoMumwe, iye Kristu; imi mose muri hama. Musaidza munhu ari panyika baba venyu: nokuti Mumwe chete ndiBaba venyu, Ivo vari kudenga.”

Kuti ndijekese izvi zvakanyanya, regai nditsanangure chiNikoraiti nenzira iyi. Munorangarira kuti muna Zvakazarurwa 13:3 munonzi, “Mumwe musoro wacho wakanga wakaita sowakakuvadzwa kusvikira parufu: asi vanga raifanira kuuraya rakanga rapora: nyika yose ikashamiswa ikatevera chikara.” Zvino tava kuziva kuti musoro wakakuvadzwa waiva musoro woUmambo Ukurukuru hweRoma, nyika huruhuru iya yaiva namasimba panyika mune zvatongerwe enyika. Musoro uyu wakamukazve so“umambo ukurukuru hwezvomweya hweKereke yeRoma”. Zvino nyatsocherechedzai izvi. Roma yechihedheni yezvatongerwe enyika yakaitei chakava hwaro hwokubudirira kwayo? Iyo, “yakapatsanura nokukurira.” Ndiyo yakanga iri mbeu yeRoma – patsanura kuti ugokurira. Mazino ayo edare akabvarura nokudya. Wayakabvarura nokudya haana kukwanisa kumukazve sezvayakaita payakaparadza Kartago ndokuikusha munyu. Mhando imwe chete yembeu yedare yakaramba iri mairi payakamuka sekereke yenhema, uye zvisungo zvayo zvokutevedzwa zvakangoramba zviru izvozvo – patsanura kuti ukurire. Ichi ndicho chiNikoraiti uye Mwari anochivenga.

Zvino ichokwadi chenhoroondo chinozikanwa zvikuru kuti pakapinda mhosho iyi mukereke zvinyoronyoro, vanhu vakatanga kukwikwidzanirana nzvimbo youbhishopi zvichikonzera kuti nzvimbo iyi ipiwe kuvanhu vakanyanya kudzidza uye vakabudirira pane zvefuma uye vane fungwa dzezvatongerwe enyika. Ruzivo rwavanhu nezvirongwa zvakatanga kutora masimba enzvimbo yenjere dzaMwari uye Mweya Mutsvene wakabviswa pakutonga. Zvirokwazvo uku kushata kunosiririsa, nokuti mabhishopi akatanga kuti

zvakangazvisingachadi unhu kwechiKristu hwuri pachena kushumira Shoko kana kuita basa romukereke nokuti zvinokosha maitire acho nezvaitwa. Izvi zvakapa mukana kuvanhu vakashata (vanyengeri) kuti vaparadze makwai.

Nedzidziso dzavanhu dzokusimudzira mabhishopi kunzvimbo dzavasakapiwa neGwaro, danho raizotevera rakanga riri rokugovera nzvimbo dzairongwa paukuru kuvaka hurongwa hwoukuru hwechinamoto; nokuti kusina kupera nguva kwakanga kwava namaachibhishopi pamusoro pamabhishopi namakadhinari pamusoro pamaachibhishopi uye kuzosvika panguva yaBhonifesi wetatu kwakanga kwava napapa pamusoro pavose, *Papa*.

Ko zvinovo padzidziso yechiNikoraiti nokubatanidzwa kwechiKristu neBhabhironi mhedzisiro yazvo zvose yaitofanira kuva zvakaonekwa nomuprofita Ezekieri muChitsauko 8:10 inoti, “Ipapo ndakapinda ndikavona; tarira mifananidzo yamarudzi ose ezvinokambaira pasi, nemhuka dzinonyangadza, nezvifananidzo zvose zveimba yaIsraeri, zvakafananidzwa parusvingo kumativi ose.” Zvakazarurwa 18:2 inoti, “Akadanidzira nenzwi guru, achiti, rawa, rawa Bhabhironi guta guru, yava nzvimbo munogara mweya yakaipa, nenhare yemweya yose yetsvina, nenhare yeshiri dzose dzine tsvina dzinovengwa, nokuti marudzi ose akawa newaini yokutsamwa kwovupombwe hwaro.”

Zvino dzidziso yechiNikoraiti iyi, mutemo uyu wakamiswa mukereke hauna kunyanya kufarirwa navanhu vazhinji nokuti apo neapo vaikwanisa kuverenga imwevo zvayo tsamba kana kuti tsananguro yakanyorwa pamusoro peShoko nomumwevo zvake munhu una Mwari. Saka zvino kereke yakaitei pamusoro pezvizvi? Yakadzinga kubva musangano vadzidzisi vakarurama ava nokupisa zvinyorwa zvavo. Vaiti, “Zvinotoda kudzidziswa kwakanyatsogadzirirwa kuti munhu averenge nokunzwisisa Shoko. Nokuti kana iye Petro pachake akati zvinhu zvizhinji zvakanyorwa naPauro zvakanga zvakagozha kunzwisisa.” Vabvisa Shoko kuvanhu, vakazongosarira kuti vanhu vaterere zvaitaurwa nomuprista, nokuita

zvaaivataurira kuti vaite. Izvi vaizviti ndiMwari neShoko raKe dzvene. Vakabva vabata fungwa noupenyu hwavanhu nokuvaita varanda vechiprista chaitonga noudzvanyiriri.

Zvino kana muchida zvinoratidza kuti Kereke yeRoma inomanihidza kuva nefungwa noupenyu hwavanhu, teerera kumutemo waTiodhosiasi X. *Mutemo waTiodhosiasi woKutanga.*

Mutemo wakapiwa achangobhabhatidzwa neKereke yoKutanga yeRoma. “Isu vatongi vakurukuru vatatu tasunga kuti vanhu vedu vatevere nomwoyo wose chinamoto chakadzidziswa noMutsvene Petro kuvaRoma, chachengetedzwa nokutendeka patsika uye chiri kutambirwa napapa, Dhamasko veRoma, naPetro, nabhishopi weArekisandria, murume woutsvene hwechiApostora kana tichitevedzera boka ravaApostora, uye dzidziso yeEvhangeri; ngatitende muUmwari hwaBaba, noMwanakomana, noMweya Mutsvene, vano umambo hwakaenzana muUtatu Utsvene. *Tinorayira kuti vateveri vechitendero ichi vadaidzwe kunzi maKristu echiKatorike; tinotuka vose vanotevera zvimwe zvinamoto vane zita rinosvoreka rokuti vatsauki, tichirambidza kuti mapoka avo avanoumba ahandise zita rokuti makereke.* Pamusoro pokutuka kutsvene, vanofanira kutarisira zviringo zvakakomba izvo masimba edu, achitungamirirwa nenjere dzokudenga achaona zvakakodzera kutemera . . .”

Mirayiro gumi nemishanu yokuranga yakapiwa nomutongi mukurukuru uyu mumakore gumi namashanuvo yakatorera vateveri veevhangeri kodzero yavo yose yokunamata, nokuvadzivisa kushanda mabasa mumahofisi enyika, nokuvatyisidzira nemiripo, kana kutorerwa zvinhu zvavo, kana kudzingwa munyika yavo kana kutotivo pane dzimwe nguva, rufu chairwo.

Munozivei? Ndiro gwara ratakananga chairwo iko nhasi uno.

Kereke yeKatorike yeRoma iri kuzvidaidza kuti Mai vekereke. Inozviti ndiyo kereke yokutanga kana kuti yapamavambo. Ichi ndicho chokwadi chaicho. Ndiyo yaiva

Kereke yoKutanga yeRoma yapamavambo yakadzokera shure ikapinda muchivi. Ndiyo yakatanga kuumba sangano. Mairi makawanikwa zviito ndokuzoteverwa nedzidziso yechiNikoraiti. Hapana akambozoramba kuti ndimai. Ndimai uye yakabereka vanasikana. Zvino mwanasikana anobuda mumukadzi. Mukadzi akapfeka nguvo tsvuku akagara pamakomo manomwe eRoma. Imhombwe uye yakabereka vanasikana. Vanasikana ava ndiwo makereke echiPurotesitendi akabuda kubva mairi ndokubva adzokerazve chaiko kwakare kumasangano nechiNikoraiti. Mai ava vavanasikana vamakereke vanonzi chifeve. Izvi zvinoreva mukadzi asina kuchengeta mhiko dzake dzomuchato. Vakanga vakawanikwa naMwari ndokubva vaenda kundoita upombwe nasatani uye muhupombwe hwavo uhu vakabereka vanasikana vakangoitavo samai vavo. Kubatana kwamai nomwana uku ndokwokuramba Shoko, nokuramba Mweya, zvichizopedzisira nokuramba Kristu. Hongu, ANTIKRISTU.

Zvino ndisati ndanyanya kuenda mberi mberi ndinoda kutaura kuti mabhishopi okutanga awa aifunga kuti ari pamusoro peShoko. Vaitaurira vanhu kuti vaikwanisa kuvaregerera zvivi zvavo kana vakareurura zvivi izvozvo. Ichi hachina kumbova chokwadi. Vakatanga kubhabhatidza vacheche muzana ramakore rechipiri. Vaitoita bhabhatidzo yokushandura munhu. Hazvishamisi kuti vanhu nhasi vakaputsika misoro. Kana vakanga vakavhiringika kareko, pedyo pedyo nePentekosti, iko zvino vava pakaipisisa, sezvo ava makore 2000 kubva pachokwadi chapamavambo.

O-o, Kereke yaMwari, panongova netariro imwe chete. Dzokerai kuShoko mugogara naro.

DZIDZISO YABHARAMI

Zvakazarurwa 2:14 inoti, “Una vamwepo vanobatisisa dzidziso yaBharami, wakadzidzisa Bharaki kuisa chigumbuso pamberi pavana vaIsraeri, chokuti vadye zvakabayirwa zvifananidzo, nokuita vupombwe.”

Zvino hazvingambogoni kuti muve nourongwa hwechiNikoraiti mukereke musingapinzivo imwe dzidziso, yazvo. Maona, kana mukabvisa Shoko raMwari nokufamba kwoMweya sandiyo nzira yokunamata nayo (vanoNdinamata vanofanira kuNdinamata muMweya nomuzvokwadi) saka unofanira kutopa vanhu imwe nzira yokunamata nayo pachinhambo cheiyi, zvino kuisa chimwe chinamato panzvimbo yechimwe zvinounza Bharami.

Kana tichizokwanisa kunzwisisa kuti dzidziso yaBharami chaive chii mukereke yeTestamente Itsva tinotofanira kudzokera shure kuti tione kuti yakanga iri chii mukereke yeTestamente Yekare tigozvishandisa kuzera rechitatu iri kuti tigozviunza zvose kune zvamazuvano.

Rungano urwu runowanikwa muna Numeri Chitsauko 22 kusvika 25. Zvino tinoziva kuti vaIsraeri rwaiva rudzi rwaMwari rwakasanangurwa. Vaiva maPentekosti enguva yavo. Vakanga vavanda pasi peropa, vose vakanga vabhabhatidzwa muGungwa Dzvuku vakabuda kubva mumvura vachiimba muMweya nokutamba musimba roMweya Mutsvene, apo Miriamu, muprofitakadzi, akanga achiridza tamborini. Saka, kwapera chinguva vachifamba vana vaIsraeri ava vakasvika paMoabhi. Munorangarira kuti Moabhi chaiva chii. Wakanga ari mwanakomana waRoti waakabereka nomumwe wavanasikana vake, uyevo Roti wakanga ari muzukuru waAbrahama, saka vaIsraeri navaMoabhi vakanga vano ukama. Ndinoda kuti muone izvi. VaMoabhi vaiziva chokwadi, hazvinei kuti vaizvirarama here kana kwete.

Saka vaIsraeri vakasvika kumuganho weMoabhi vakatuma nhume kuna mambo vachiti, “Tiri hama dzenyu. Regai tipfuure nomunyika yenyu. Kana vanhu vedu kana zvipfuwo zvedu zvikadya kana kumwa chinhu, tichakuripirai nomufaro.” Asi Mambo Bharaki akabva apenga. Musoro uyu weboka ravaNikoraiti wakanga asingazoregi kereke ichipfuura nezviratidzo nezvishamiso zvayo nokumwe kuratidzwa kwoMweya Mutsvene kwakasiyana, nokumeso kwavo kuchivaima nokuhwinya kwaMwari. Izvi zvaiva

nengozi huru, sezvo waigona kungorashikirwa navamwe vanhu veboka rake. Saka Bharaki wakaramba kutendera vaIsraeri kuti vapfuure nomo. Zvirokwazvo, kutya kwake kwakanga kwakakura, zvokuti wakaenda kuno mumwe muprofitita aiita zvokubhadharwa ainzi Bharami kundomukumbira kuti ave mumiririri pakati pake naMwari kuti akumbire Mwari kuti atuke vaIsraeri, nokuvaita kuti vashaye simba. Bharami, somunhu akanga ane shungu dzokupindira munyaya dzezvamatongerwe enyika kuti agova munhu mukurukuru, wakafarira nokumhanyira kuita zvaakanga akumbirwa naBharaki. Asi nokuti aiziva kuti waifanira kuuya kuna Mwari, nokunzwikwa zvaaida kuti aite kuti vanhu vatukwe sezvo akanga asingagoni kuzviita iye pachake, wakaenda kundokumbira Mwari kuti awane mvumo yaKe yokuenda kuna Bharaki. Zvino izvi handizvo zvimwe chete here navaNikoraiti vatinavo nhasi uno? Vanotuka ani nani asingaendi negwara ravo.

Bharami paakakumbira Mwari mvumo yokuti aende, Mwari akamurambidza. Veduwe-e zvakamurwadza izvi! Asi Bharaki akavavarira, achivimbisa mubayiro mukuru norukudzo. Saka Bharami wakadzokerazve kuna Mwari. Mhinduro imwe chete kubva kuna Mwari yaizoringana. Asi kwete mbimbindoga Bharami. Mwari paakaona uipi hwake nokutsveyama, Wakamutaurira kuti asimuke aende. Nechimbichimbi akarongedzera ndokutasva mbongoro yake ndokuenda. Angadai akazviona kuti uku kwaingova chete kuda kwaMwari kwokubvumira munhu kuita zvaanoda uye kuti haaizokwanisa kuvatuka kana nyangwe zvake aienda kanokwana makumi maviri achiedza kanokwana makumi maviri. Vanhu mazuvano vakafanana kwazvo naBharami! Vanotenda muvamwari vatatu, nokubhabhatidzwa mumadunhurirwa matatu pachinhambo chomuZITA, asi Mwari anongotuma Mweya pamusoro pavo sezvaAkaita pana Bharami, uye vachingorambirira vachitenda kuti ndivo vari mugwara chairo, apa vanenge vachingova vechiBharami chakazara. Maona, dzidziso yaBharami. Enderera mberi zvakangodero. Tevera gwara rako. Vanoti, “Sezvo, Mwari

atipa ropafadzo. Zvinofanira kunge zvakanaka.” Ndinoziva kuti Wakakuropafadzai. Handisi kupokana nezvizvi. Asi inongova nzira imwe chete iyoyo yamasangano yakatorwa naBharami. Kupikisa Shoko raMwari. Idzidziso yenhema.

Saka Bharami akapengereka achidzira nomugwagwa kusvikira mutumwa akabva kuna Mwari amira munzira yake. Asi muprofita uyu (angava bhishopi, kana kadhinari, kana sachigaro, kana purezidhendi kana mutariri wazvose) akanga akapofomadzwa zvokuti haana kuona zvinhu zvoMweya nokuda kwefungwa yokukudzwa nomukurumbira nemari ndosaka asina kukwanisa kuona mutumwa akanga akamira akabudisa munondo. Hoyo akanga akamira apo achidzivirira muprofita aipenga uyu kuti asapfuure. Mbongoro yakamuona ndokunzvenga ichienda uku nokuku kusvikira yambandidzira rutsoka rwaBharami pamadziro edombo. Mbongoro yakavata pasi ikaramba kupfuurira norwendo. Yakanga isingakwanisi. Saka Bharami akaburuka ndokutanga kurova. Mbongoro ndokubva yatanga kutaura kuna Bharami. Mwari akarega mbongoro iyi ichitaura nendimi. Mbongoro iyi yakanga isiri masanganiswa; yakanga iri mbeu yapamavambo chaipo. Yakataura kumuprofita akapofumadzwa ichiti, “Handizi mbongoro yako here, uye handina kukutakura nokutendeka here?” Bharami akapindura achiti, “Hongu, hongu, uri mbongoro yangu uye wakanditakura nokutendeka kusvikira iko zvino; zvino kana ndikatadza kukuti ufambe, ndichakuuraya...whu-u! ko chava chiizve, kutaura nembongoro? Zvinoshamisa izvi, ndanzwa sembongoro yanga ichitaura ini ndichitoipindura.”

Mwari agara achingotaura nendimi. Akataura pamabiko aBherishaza ndokuzotaurazve paPentekosti. Ari kuzviitazve mazuva ano. Iyi iyambiro yokutonga kwava pedo.

Zvino mutumwa akabva aita kuti aonekwe naBharami. Akataurira Bharami kuti dai isiri mbongoro angadai akatofa nguva idzodzo nendava yokuedza Mwari. Asi Bharami paakavimbisa kudzoka, akazonzi achienderera mberi asi apiwa yambiro yokuti ataure zvaanenge apiwa naMwari chete.

Bharami akadzika ndokuvaka artari nomwe dzokubayira mhuka dzakachena. Akauraya gondobwe raimirira kuuya kwaMhesiyasi. Aiziva zvokuita kuti asvike pana Mwari. Maitirwe azvo aimaziva nomazvo chaimo; asi akanga asingazivi mafambire azvo; ndizvo zvimwe chetevo nanhasi uno. Hamusi kuzviona here imi vaNikoraiti? VaIsraeri vakanga varimo zvavo mumupata umo vachitobayira chibayiro chimwe chete, vachiita zvakangofanana asi kungoti vaIsraeri vaiva nechiratidzo chaivateverera. NdiMwari mumwe chete akanga ari pakati pavo. Maitirwe namamirire ezvinhu hapana kwaanokusvitsai. Hazvikwanisi kutora nzvimbo yokuratidzwa kwoMweya. Izvi ndizvovo zvakaitika paNicaea. Vakaunza dzidziso yaBharami, kwete dzidziso yaMwari. Saka vakatatarika; hongu vakapunzika. Vakava vanhu vakafa.

Pashure pokubayira chibayiro, Bharami akanga agadzirira kuprofitu. Asi Mwari akasunga rurimi rwake ndokubva atadza kuvatuka. Akavaropafadza.

Bharaki akatsamwa chose, asi Bharami hapana zvaaikwanisa kuita pamusoro pechiprofitu. Chakanga chataurwa noMweya Mutsvene. Saka Bharaki akataurira Bharami kuti adzike nechapazasi, mumupata, kuti atarire kumashure kwavo zvimwe angawane imwe nzira yaangakwanisa kuvatuka nayo. Mazano akashandiswa naBharaki ndiwo mazano mamwe chete anoshandiswa mazuvano. Masanganano makuru anotarira pasi kumapoka madiki, kuti chose chavanowana pakati pavo chavangashandisa kukanganisa zita nechimiro chavo vanobva vachibudisa nokuchishambadzira. Kana vamazuvano vachirarama muchivi, hapana anombotaura chinhu pamusoro pazvo; asivo rega mumwe chete wavasanangurwa apinde mudambudziko mapepa ose anobva azadzwa nenyaya yacho nokuikushira pose pose munyika. Hongu, vaIsraeri vakanga vane nhengo dzavo (dzenyama) dzeshure. Vakanga vane divi ravovo rakanga richisvoveka; asi nyangwe zvazvo vakanga vasina kukwana, nokuda kwohurongwa hwaMwari hunoshanda nokusanangurwa, nenyasha kwete namabasa, VAKANGA VANE GORE MASIKATI NESHONGWE

YOMWOTO USIKU, VAKANGA VANE DOMBO RAKAROHWA, NYOKA YENDARIRA NEZVIRATIDZO NEZVISHAMISO. Vakanga vasimbiswa – kwete pachavo ivo, asi muna Mwari.

Mwari akanga asina rukudzo kuvaNikoraiti ava namaPHD avo, namaLLD namaDD namasangano avo ose akanakisisa nezvakanakisisa zvinogona kuvimbwa nazvo nomunhu; asi Aiva norukudzo kuvaIsraeri nokuti vakanga vane Shoko rakanga raratidzwa pakati pavo. Zvirokwazvo vaIsraeri vakanga vasiri vanhu vakatsvinda, savanhu vakanga vachangobva muEgipita vachiita zvokutiza nechimbichimbi, asi zvisinei vakanga vari vanhu vakaropafadzwa. Zvavaingoziva kwamakore 300 kwaingova kufudza makwai, nokushanda muminda nokushanda senhapwa dzinotyta kuurayiwa pavakanga vari pasi pavaEgipita. Asi zvino vakanga vasununguka. Vakanga vari vanhu vakaropafadzwa noumambo hwaMwari. Zvirokwazvo vaMoabhi vaivaonera pasi. Mamwe marudzi ose, aivasvoravo. Masangano agara achionera pasi avo vasiri masangano nokuedza kuvamanikidzira kuita sangano kana kutovaparadza kana vachinge vasingadi kuuya kwavari.

Zvino mumwe angangondivhunza achiti, “Hama Branham, chii chinokuitai kuti mufunge kuti vaMoabhi vakanga vari sangano asi vaIsraeri vasiri sangano? Fungwa iyi munoiwanepi?” Ndinoiwana imo muno chaimo muBhaibheri. Zvakanyorwa zvose muno umu. Zvose zvakanyorwa muTestamente Yekare zvakamira sengano zvakanyorerwa kutiyambira kuti tigodzidza kubva mazviri. Hezvino zviri muno chaimo muna Numeri 23:9 inoti, “Nokuti ndinomuona ndiri pamusoro pamatombo, ndinomutarira ndiri pamusoro pezvikomo; tarira ndivanhu vanogara VARI VOGA, HAVANGAVERENGWI PAKATI PENDUDZI.” Hezvi. Mwari achitarira ari pamusoro pamatombo, kwete mumipata achitsvaka zvakaminama pavari nokuvatonga. Mwari achivaona vari zvaAgara achida kuvaona vari – kubva pakakwirira porudo nenyasha. Vaigara VOGA uye vakanga

vasiri sangano. Vakanga vasina mambo. Vakanga vano muprofita, uye muprofita uyu akanga ana Mwari maari nokuda kwoMweya; Shoko raiuya kumuprofita uye Shoko raipfuura kuvanhu. Vakanga vasiri nhengo dzeU.N. Vakanga vasiri nhengo dzeKanzuru yaMakereke yaPasi Pose, kana dzeBhaptist, kana dzePresbheterian, kana dzeAssembly of God kana dzeripi zvaro boka. Vakanga vasingasungirwi kuve nhengo. Vakanga vakabatanidzwa naMwari. Vakanga vasingadi mazano kubva kukanzuru ipi zvayo – vakanga vane “Zvanzi naJehovha” pakati pavo. Hareruya!

Zvino nyange zvazvo chaiva chokwadi kuti Bharami aiziva nzira kwayo yokusvika nayo kuna Mwari achikwanisa kuwana chizaruro kubva kuna Ishe nenzira yokupiwa simba, nyangwe zvazvo zvose izvi zvaivapo akanga achingova mubhishopi muboka renhema. Chii chaakaita zvino kuti afarirwe naBharaki? Akaronga zano raizoita kuti Mwari amanikidzwe kuunza rufu kuvaIsraeri. Sezvakaitavo Satani kuziva kuti aikwanisa kunyengera Evha (kumuita kuti apunzike muchivi chenyama) zvichizoita kuti Mwari amupe mutongo waKe worufu pamusana pechivi ichi, saka Bharamivo aiziva kuti kana aizokwanisa kuita kuti vaIsraeri vatadze, Mwari waizosungirwa kuvapa mutongo worufu. Saka akaronga zano rokuti vaIsraeri vaue kwavari vabatane navo mukutadza. Wakavakoka kumabiko okupemberera Bhaari-peori (uyai mushumire nesu). Zvino vaIsraeri, pasina kana kupokana, vakanga vatomboona mabira avaEgipita saka vakafunga kuti zvakanga zvisina kunyanya kuipa kuenda kungondoona chete uye pamwe vachitodyavo mabiko navamwe. (Ko chakashata pakushumira chii? Tinofanira kuvada handiti, ko zvino tingagovatendeusa sei?) Kufarirana navanhu hakuna ngozi yakunombounza — kana kuti ndizvo zvavaifunga. Asi pakatanga vakadzi ava vakanga vakanyatsoumbwa kuva vakadzi kutamba nokukumura nguvo vachizeya pavaiita mitambo inonzi pachirungu rock and roll netwist, vaIsraeri vakatanga kunzwa ruchiva ruchimuka uye vakakwezverwa muupombwe Mwari ndokubva atsamwa akauraya vanhu zvuru makumi mana nezviviri.

Izvi ndizvo zvakaita Konistantino navakamutevera paNicaea uye mushure meNicaea. Vakakoka vanhu vaMwari kumusangano mukuru. Zvino kereke payakagara pasi kuti idye, nokusimuka kuti vatambe (vachipinda mumaitire ekereke, namabira, namabiko echihedheni akapiwa mazita ezvitevedzwa zvechiKristu) kereke yakateyiwa; yakanga yaita upombwe. Mwari akabva abuda.

Kana ani nani akabva muShoko raMwari kuti apinde muhechi pachinhambo chokugamuchira Mweya Mutsvene, munhu uyu anofa. Kufa! Ndizvo zvaanoita. Musava nhengo dzamakereke. Musapinda mumasangano nokutorwa nezvitendwa netsika kana chipi zvacho chinotora nzvimbo yeShoko noMweya nokuti munofa. Zvinobva zvangoguma. Munofa. Munotsaurwa kubva kuna Mwari nokusingaperi!

Izvi ndizvo zvakaitika muzera roga roga rakavapo. Mwari anosunungura vanhu. Vanobuda nokuda kweropa, nokuitwa vatsvene neShoko, vachipinda nomumvura yebhabhatidzo nokuzadzwa noMweya; asi pashure pechingvana rudo rwokutanga runotanga kupora uye vamwe vanotanga kuwana fungwa yokuti vanofanira kuumba sangano kuti vazvichengetedze nokuzviitira zita, vanoumba sangano chaimo muchizvarwa chechipiri dzimwe nguva kutotangira nguva iyi. Vanenge vasisina Mweya waMwari, vanenge vangova nechimiro chete chokunamata. Vanenge vafa. Vanenge vazviita masanganiswa nezvitendwa nechimiro uye munenge musina upenyu mavari.

Saka Bharami akaita kuti vaIsraeri vaite upombwe. Munozviziva here kuti upombwe chaihwo hwapanyama mweya mumwe chete uri muchinamato chesangano? Ndati mweya woupombwe ndiwo mweya wamasangano. Vose vanoita upombwe vachawana nzvimbo yavo mudziva romwoto. Izvi ndizvo zvinofunga Mwari pamusoro pamasangano. Hongu changamire, chifeve navanasikana vacho zvichava mudziva romwoto.

Masangano haazi aMwari. Haana kumbofa ari aMwari uye haachazombofi akava aMwari. Mweya usiriwo unotsaura

vanhu vaMwari kuvaita vatungamiriri navanhuvo zvavo; saka, nokudaro, mweya usiwo unotsaura vanhu kubva kuvanhu. Izvi ndizvo zvinoita masangano namadhinominesheni. Mukuumba masangano vanozvitsaura kubva kuShoko raMwari, nokuzviunza muupombwe pamweya.

Zvino cherechedzai kuti Konistantino akapa mabiko akanaka kuvanhu. Aiva mabiko echihedheni chakare ana mazita matsva akatorwa kukereke, kana kuti tsika dzechiKristu zvakatorwa ndokubatanidzwa namabira echihedheni. Akatora kunamata zuva ndokukushandura kuva Mwanakomana waMwari. Pachinhambo chokupemberera musi wa21 Zvita, rinova ndiro zuva ravaipemberera mabiko amwari wezuva, vakariswededza mberi kuna 25 Zvita ndokuriti zuva rokuberekwa kwoMwanakomana waMwari. Asi tinoziva kuti Akaberekwa mumwedzi waKubvumbi panobuda upenyu, kwete muna Zvita. Uye vakatora mabiko okupemberera Asitarte ndokuati mhemberero yeIsta panofanira kupembererwa navaKristu kufa nokumuka kwaShe. Chokwadi chazvo ndechokuti aiva mabiko echihedheni okupemberera Asitarte.

Vakaisa maartari mukereke. Vakaisa zvifananidzo. Vakapa vanhu zvavaiti zvitendwa zvavaapostora, nyangwe zvazvo musingazviwani muBhaibheri. Vakadzidzisa vanhu zvokupira vadzimu vachiita kuti Kereke yeRoma ive kereke yezvamasvikiro kudarika dzimwe kereke dzose pasi pose. Mweya wose wakaiwa wakanga urimo. Uye munowana mapurotesitendi namasangano avo achiita zvimwe chetezvo.

Vakadya zvinhu zvakabayirwa zvifananidzo. Zvino handizi kureva kuti vakanga vachitodya nyama chaiyo yakanga yabayirwa kupira zvifananidzo. Nokuti nyangwe zvazvo kanzuru yeJerusarema yakanga yarambidza izvi, Pauro haana kuzvitora sechinhu chikurukuru sezvo akati zvifananidzo hazvina chikuru chazvinoreva. Chiripo chete mwoyo womunhu kusiya chete kwapazvinenge zvichitsamwisa hama ino mwoyo mutete ndipo pazvaizorambidzwa. Kupamhidza pane zvizvi, Chizaruro ichi chine chokuita namaHedheni kwete namaJudha

sezvo kereke idzi dziri dzamaHedheni. Ndinozviona izvi muchiedza chimwe chete chandinoona nacho mashoko aShe anoti, “Kana musina kudya nyama yaNgu nokunwa ropa raNgu hamuna upenyu mamuri. Munhu haangarami nechingwa choga asi neshoko roga roga rinobva mumurambo maMwari.” Munokwanisa kuona kuti kudya zvinoreva kugamuchira zvinhu zvomweya. Saka vanhu ava pavakanga vachipfugamira zvifananidzo, nokutungidza makandyera, vachipemberera zororo dzechihedheni, vachireurura zvivi zvavo kuvanhu (zvose izvi chinamoto chasatani,) vakanga vachidya nasatani kwete kudya zvaIshe. Vakanga vari mukupira zvifananidzo zvisinei kuti vaizvibvuma here izvi kana kwete. Vangataura zvavo zvose zvavanoda kuti artari nezvinonhuwira zvinongova zvokurangaridza vanhu minamoto yaShe kana kuti zvipi zvazvo zvavangafunga kuti ndizvo zvazvinoreva; vangativo kana vachinamata pamberi pezvifananidzo zvinongoitirwa chete kuratidza; uye vangatizve kana vachireurura kumuprista, chokwadi ndechokuti vanenge vachireurura kuna Mwari nechomumwoyo yavo chaimo, uye kuti kana vachiti muprista anovakanganwira, kunongova kuti anenge achizviita muZita raShe; vangangotaura zvavo zvose zvavada asi chiripo ndechokuti vari kugamuchira chinamoto cheBhabhironi chinozikanwa nani nani, chinamoto chaSatani uye vanenge vazvibanidza nezvifananidzo nokuita upombwe pamweya, hunounza rufu. Vakafa.

Saka kereke nenyika zvachata. Kereke yakabatana nezvifananidzo. Nesimba renyika richivatsigira vakanzwa zvino kuti, “Umambo hwakanga hwaya uye kuda kwaMwari kwakanga kwaitwa panyika.” Ndosaka zvisingashamisi kuti Kereke yeRoma haisi kutarisira kuuya kwaShe Jesu. Havatendi mumirenyamu. Vatova nemirenyamu yavo ipo pano chaipo. Papa ari kutotonga iko zvino uye Mwari ari kutonga ari muna papa. Saka paAnouya kana tichivatevedzera, inotofanira kuva nguva panenge matenga matsva nenyika zvagadzirirwa. Asi handizvoba. Papa musoro wekereke yenhema, uye kuchazenge kune mirenyamu, asi panenge pachitika izvi anenge asiri mukati mazvo. Anenge ari kumwevo.

YAMBIRO

Zvakazarurwa 2:16 inoti. “Naizvozvo tendeuka kana izvingaiti izvozvo Ndichakurumidza kuuya kwauri, ndigorwa navo nomunondo womuromo waNgu.”

Chimwe chii chaAngataura? Mwari anokwanisa here kuregerera chivi chaavo vakatakura Zita raKe pasina? Panongova nenzira imwe chete yokugamuchira nyasha munguva yechivi, TENDEUKAI. Reururai kuti makakanganisa. Uyai kuna Mwari kuti muwane kanganwiro noMweya waMwari. Iyi irayiro inobva kuna Mwari. Kusaiterera zvinoreva rufu, nokuti Anoti, “Ndicharwa nemi nomunondo womuromo waNgu.” Chikara chakarwa navatsvene, asi Mwari acharwa nechikara. Avo vakarwa neShoko rimwe zuva vachawana Shoko rava kurwa navo. Chinhu chinotyisa kutapudza, kana kupamhidzira kuShoko raMwari. Nokuti avo vakarishandura, nokuita naro zvaivafanira ivo, mhedzisiro yavo ichava yei kusiya kworufu nokuparadzwa? Asi nyasha dzaMwari dzichiri kungodaizira kuti, “Tendeukai.” O-o, fungwa dzokutendeuka dzinotapira zvakadii. Hapana chandinounza mumaoko mangu, asi chete kuti ndinobatira kumuchinjikwa weNyu. Ndinounza kusuwa. Ndinotendeuka kuti ndiri zvandiri, uye zvose zvandakaita. Zvino iropa, pasina chimwe asi ropa chete raJesu. Chichave chii? Kutendeuka here, kana kuti munondo worufu? Zviri kwauri.

*(Zvakatorwa kubva muKuiswa paChena
Kwamazera AmaKereke maNomwe)*

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

SHONA

©1995 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org